

# Trauma Healing And Reconciliation Services

Ikigo Cishinze Kuvura Abahahamutse no Kunywanisha Abantu



24 58 24

B. P 6311  
Bujumbura

*Ikinyamakuru  
Kimenyeshya  
Ibikorwa vya THARS.*

Inomero ya 5

## Umugabo yaciye amaboko umugore wiwe

### Ibirimwo

Umugabo yaciye amaboko umugore wiwe

Banturije akamwanya

Umwana yaturawe n'Umuvyeyi wiwe

Narokowe n'invura

abageni, umugabo arapfa. Se bukwe aravugaga ati ko twamukoye, nkaba ngifise umuhungu murumuna w'umuhasi, reka amurongore. Ariko uwo muhungu atamukunda, baramuhata, aremera gucura muramuwe. Uwo mugore wewe nta vyo kwiyumvira ku vyo urukundo, yari yigorewe, abonye uwumutoye, nta kundi yagira. Barabana ata kwumvikana. Uwo mugabo yari umusoda, aje mw'ikonji yama ateramira kwa nyina, akaza aje kuryama gusa. Barabana vyanke bikunde

nk'imyaka itatu, aho baza bafise umwana afise hafi imyaka ibiri, n'inda y'amezi atanu. Igihe kimwe araza mu



Francine akiri mu bitalo i Makamba

gakonji nk'uko yahora aza agateramira kwa nyina. Umusi umwe yarateramiye kwa nyina gushika nka isaha zitanu z'ijoro, atashe asanga umugore wiwe aho aryamye, aramuvyura, ati Ngira nkwicishe iyi grenade, umugore na we ati Uzoba wishe n'umwana wawe ari mu nda! Aca arigarura ntiyamwicisha gre-

nade, agenda kuzana igisu, ati Reka ngutemagure sinegereze inda. Atema amaboko yose, amukomeretsa n'amaguru, kuko yaguma akoma induru, abantu barashwabaduka basanga ataramwica. Aca arirukanga abantu basigara baregeranya uwo mugore bamutwara kwa muganga. Uwo mugabo aho yiruka yajanye inzira ija kwa se bukwe, ni ukuvuga kwa se w'umugore wiwe. Ashitse kw'irembo kwa sebukwe, araramutsa, baritaba, bati N'amaki ko mutugendeye mw'ijoro? Ati Baduteye, wa mukobwa wanyu

**I** kinyamakuru *Ntiwihubure* caragendeye ikigo THARS i Makamba, kugira kimenye ico kigo ico camariye abanyagihugu b'i Makamba. Reka mwumve inkuru ikurikira. Hari umugore yari yarongowe n'umugabo bakiri



Ibukurikira urupapuro rwa 3


## Banturije akamwanya

Hari umuhungu yitwa Ndayajemwo (si izina ry'ukuri) yari umukozi wo mu gikoni, aratwiganira ingene yaseserejwe ubuzima na Shebuja. Ati : “Nakorera umugabo umwe, yari umudandaza, afise ihoteli i Nyanza-Lac, nanje nkaba nteka mur'iyohoteli dufatanije n'uwundi umwe. Nakorera ibimubi umunani (8.000FBU); ariko nyene ihoteli yaramperaniye amezi indwi, nari ndahakoze umwaka n'imisi mikeya, mur'uwo mwaka wose, yari amaze kumpemba amezi atanu. Umusi uri izina, ataha yaborewe mw'ijoro, bukeye ndamuha ibihumbi 45.000 naraye ndamutoreye; aho hari igenekerezo rya 18/5/2005, yaciye asubira kunywa inzoga, agarutse aca ambaza ngo ayo mahera yari kumwe n'ayandi 35.000, ngo yazane na yo nyene, nca ndamwishura nti Eka nta yandi natoye, ni ayo nyene gusa, n'uwo twari kumwe

aravuga ati Ni ayo nyene gusa nta yandi. Nanje ndabandanya nti : None ga



nyakubahwa, iyaba nagomba kukwiba, ayo yoyo wari wayabonye sinari kuyatwara ? Yaciye asubira inyuma



Ukubabarana biraremesha

kuzana abagabo babiri, bansanga aho ndyamye, baraza baramboha, nawe aza kugura ubumwanya, baca banturiza utwo tumwanya, aho rero bari bandunereje, sinikakaza, ngira ubwo bubabare bw'imigozi, ngira n'ubwo bubabare

bw'uguturirwa n'ubumwanya, ndakoma induru numva ko mpfuye, uwo databuja nawe ngo bandanya naho apfa ndabisinyira. Aho hari nk' isaha zine z'ijoro. Jewe nabonye kw'ari ukugira ngo sindamwishuze amahera yanje yari amperaniye, ni ukuvuga ibihumbi mirongitanu na bitandatu (56.000Fr). Baca bansigaho, sinagira n'inhuri inshikana iwacu, navukiye muri Komine Mabanda. Nari nuzuye ubushe bumbabaza. Mugabo twari twarumvise inkuru z'ibikorwa vya THARS, uwo twakorana


arantwara i Makamba ku biro vy'uwukorera THARS aho i Makamba nyene. Ica mbere yabanje kumfasha ni ukwivuzza. Nagize nti Aho ubona Imana itabara kwinshi! None nari kuvurwa gute ? Mmaze gukira, ndasubira muri THARS, ndababarira

ko ngomba kwitwarira uwo mugabo yitwa ngo ni databuja, kuko yaransesereje ubuzima kandi yarankoresheje ntiyampemba. Baramfasha ndakirwa muri Sentare aho i Makamba, ndaburana, baca baramuhamagaza, barampa inahuri ngo ntware umutahe (convocation) i Nyanza-Lac. Tumaze kuburana n'uwo yahora ari databuja, uwo twakorana ni we yaje kunsurira, kuko yaciye agira ubwoba aravaho, kuko yavuze ati Iyo ni imburi kuri jewe, nohaguma mbonye ingene bimeze, nohava nicuza, bakamperanira bakongera bakansesereza ubuzima. Ubu urubanza ruri mu mwiherero. Ndashimira cane THARS y'i Makamba, kuko mba narapfuye, iyo batamvuzza, kandi nararonse ijambo muri sentare. Ico mfise ku mutima nabonye muri THARS, nzokibwira n'abandi bazoba barenganijwe“.

## Umugabo yaciye amaboko umugore wiwe

ababandi bamutemaguye. Sebukwe niwe yatanguye gusohoka, amushikiriye, uwo mukwe wiwe yaciye akura ca gisu nyene yatemaguzza umukobwa wiwe, akaba umugore wiwe, arakimutemaguzza. Induru ija hejuru, abantu bamutesha ataramwica. Abantu baje gutabara, bamwe batwara kwa muganga uwukomeretse abandi batwara gupfunga uwo mugesera yagomvye gusasika inganda. Abatwaye uwo mutama kwa muganga, bagiye babona umukobwa

wiwe nawe ari ho ari, bati ni ibiki? Abandi na bo bati Umugabo wiwe ni we yagomvye kumwica, wa mutama



Umubabaro urarwaza

na we ati Uwo mugabo nyene na jewe ni we ahatswe kunyica! Baca batwara iyo nkuru ku bamupfunze, babajije uwo musoda, bati Ubahora iki, bati Wari wasaze? At'Eka ndakomeye, nariko ndabitanga, kuko numvise bafise

imigambi yo kundoga ngo nzopfe nsara. Bukeye, abarwaje abo bantu baciye baja mu kigo ca THARS i Makamba, umukozi wa THARS yaciye abaronderera fiche, barabavuzza, mbere baranabagaburira, bene abo bantu ntibigeze bagemura, kandi kuko bari batakaje amaraso menshi, baja barabagurira amata. Se ni we yatanguye gukira, aca agenda gufashwa n'umukozi wa THARS mu buryo bwo ku muhumuriza. N'uwo mugore nyene haheze amezi atatu, yaravuye mu bitalo, mu nyuma

aja muri THARS, kugira bamuhumurize. Ubu uwo mugore ari ngaho, ni ikimuga. Biragoye cane, umuntu yahora yirimira, none ata kintu agishobora kwihereza. Ico ikinyamakuru *Ntiwihebure* cohanura abavyeyi cane cane, ni uko ku vyo gushingira abana ata gahato bakwiye gushiramwo kuko abo duhejeje kwumva babanye ku gahato, ntagukundana kwirimo mu mubano wabo, kandi urugo rwubakwa n'urukundo rw' ababiranye.

## Umwana yafashwe ku nguvu afise imyaka ine.

Hari umukozi wo mu gikoni yahora akora mu rugo rumwe mu nyuma arahava. Abavyeyi baho baja ku kazi mu masaha ane y'igitondo, uwo mukozi aza gutira ikapo yo gusuma aho yahora akora, ahasanga umuyaya (umurezi w'abana) hari n'abandi bigeme babiri, umukuru yari

afise imyaka ine, uwumukwirikira nawe yaragiteruwe. Uwo muboyi abwira uwo muyaya ati Ntiwomfasha ukantiza ikapo? Wa mukobwa aca abwira wa mwana w'imyaka ine ati Genda uyizane harya. Wa muhungu



aca aramukurikira. Bashitse mu nzu, yaciye akatisha ako gakobwa, aja ku karyamika mu cumba kimwe. Wa mukobwa abonye batihuse gusohoka

yaciye yinjira kuraba icabatebeje, acinjira, aza yumva umwana ararize cane, aca ariruka, asanga wa muhungu aza yatanguye. Uwo muyaya akoma induru yongera umumukurako. Nyina yashitse asanga bamaze kumutwara



## Umwana yaturawe n'umuvyeyi wiye

Hari umugore yapfakaye afise abana indwi, mu nyuma avyara umwana agira umunani ku mugabo atazwi. Amara imisi areze abo bana umugabo yamusigaranye n'uwo yavyaye hanyuma. Mu nyuma agomwa n'umusore, mbere arahava aramurongora. Aca asiga abo bana mw'itongo kwa se, hamwe n'uwo yavyaye hanyuma; ariko abo bana ndwi baranka bati Mutware kw'itongo kwa se na we nyene, kuko atawuzi igituma se atigeze yiyerekana. Aca amutwara

kurongogwa. Haheze igihe avyara muri urwo rugo rusha, uwo mugabo ati Nzorera abo



Umuvyeyi akwiye kubabara umwana

nivyariye, uwo ntavyaye nagende! Murumva ko uwo mugore atari afise iyo amushira, arapfa kumugumana kuko ata kundi yari kugira.

Umusi uri izina, avuye kw'isoko kugura indagara ahava ateka, uwo mwana atavutse muri urwo rugo

ahitana utudagara tubiri, arahekenya, nyina aramubona, aravunduruka ngo amuhane. Afata ibikonjo bibiri vya nya mwana, abivumbika mu ziko, umwana ariko arasha arakoma induru cane kuko yarababara cane.

Ababanyi baje gutabara, basanga umwana yarangiye, umugabo adakoma. Abantu bamwe baciye batwara umwana kwa muganga, abandi

batwara gufungisha uyo mugore n'umugabo bahemutse kw'ibanga ry'ubuvyeyi.

Umubanyi w'abo yari agwajije uwo mwana yaciye kurondera umukozi wa THARS i Makamba, baramuvuza. N'ubu umwana yavuye mu bitalo, aracafashwa cane. Mu nyuma umukozi wa THARS yarabajije uwo mwana ko yumva ashobora kubabarira nyina, yishuye ko atobishobora. Abavyeyi boba bafise agatima nkako barakwiye kwigarura kuko uwugukunze agukundira n'ikikuvuyemwo.

## Muragabe, muragabe, abashurashuza ku nguvu ntibatora !

Ikigo gifasha mu vyo gukira ihahamuka no kunywanisha abantu ari co THARS mu mpfunyapfunyo, giherutse kugira itohoza mu vyerekeye ububisha, itotezwa no gushurashuza ku nguvu vyabaye mu mwaka w'2004. Ryarashoboye kugira urutonde rikurikije

ibibi bikorerwa abantu uravye n'intara zabo, rica risanga ko intara zimwe zimwe z'igihugu c'Uburundi zigeramiwe.

Nk'uko musanzwe mubizi, ikigo THARS gisanzwe gifise ibindi bigo hagati mu gihugu vyo gufashirizamwo abahuye n'amagume

kuko intambara ihitiye muri iki gihugu itabaye iy'intara imwe. Ivyo bigo rero biri i Ngozi, i Gitega, i Muramvya, mu Ruyigi, i Makamba n'i Bujumbura. Iryo tohoza rero ryari rifatiye ku bantu baje kwitura ku bakozi b'ico kigo bari muri izo ntara, ngo

babafashe mu kubavura ihahamuka.

Ku bitigiri vy'abantu 453 vyavuye mur'izo ntara zitandatu, abaje kwitura ico kigo kubera bashurashujwe ni 168 ni ukuvuga ibice 37 kw'ijana. Dufatiye ku ntara imwe imwe dusanga hari

## Umwana yafashwe ku nguvu afise imyaka ine.

kumufungisha. Yaciye atwara uwo mwana ningoga kwa muganga, baramuvura, baramuresha bati Naho yoba arwaye SIDA, umuvuje ni ngoga ni ukuvuga imbere y'amasaha

mirongo irindwi n'abiri ntaco aba akibaye.

Ingorane uwo nyina w'umwana afise, ntakigomba gukoresha abahungu, kuko abona ko bomwononera abana, kandi ko ataco

bomumarira, atari ukumuteza ingorane. Abandi baciye bamugira inama ngo agende mu kigo ca THARS bamugire inama. Umukozi wa THARS yiganiye ikinyamakuru *Ntiwihebure*, ko mu

kumugira inama, yemweretse ko atari we wenyene ivyo vyashikiye, ati Kandi kuko bimaze kurwira, n'ibihano bizokwihuta, none muri ukwo kwihaniza, iyo ndwara yo gufata ku nguvu igiye kuranduranwa n'imizi.

## Ibuye riserutse ntiriba ricishe isuka

Nk'uko twabibonye mu miryango, no mu mashule, ingeso yo gushurashuza abigeme ku nguvu iribonekeza. Hari umwigisha umwe yigisha mw'ishule ryisumbuye, yabana hafi n'umwigeme yigisha mu mwaka w'icumi akongera akamuha n'icigwa co kwintonora imitsi, ivyo bita "Sport". Uwo murezi agira icyumviro kibi co kumushurashuza. Aramubwira ati Uraza dukore ico caha, umwigeme aranka. Bagiye mu buruhuko, akaguma aza kumugora i muhira. Bashitse kw'ishule, aramubwira ati Utavyemeye ntuzova mu y'icumi nkiri kuri iyi shule. Niko vyagenze! Uwo mwaka uheze yarananiwe, atako ntiyakura ururimi mu

kanwa, ngo amaramaze uwo murezi. Ese guhishira igikoko kigomba kukurya!

Uwundi mwaka uratangura, arasibira



Ugufatwa ku nguvu ni ivyo kwiyamiriza

muri iryo shule. Muri uwo mwaka na ho bamuha gutanga icigwa c'Akahise (Histoire). Wa murezi yataye ibanga ry'abarezi, agera aho avyigamba no ku bandi barezi ko ari we yatumye wa mwigeme asibira. Mu gice ca mbere, ntiyigeze atanga akabazo ko kwandika kuko yari azi yuko uwo

mwana azi ubwenge yobishobora, kuko yaba uwa kabiri mw'ishule. Aca atanga ikibazo c'umunwa (examen oral). Umwana

ashikiriwe mu gishingo co kumubaza, umwigisha yamubwiye ati: Sinakubwiye ko nkiri kuri iri shule utazohava, ni wababandanya kunyihinguzwa

ko ukamengo harico woba? Umwana yava mu kibazo ariko ararira. Abandi bangana araruha arabibabarira. Igice ca mbere giheze yarananiwe n'icirwa c'akahise. Abandi bagenzi baramuhanura ngo agende kumurega ku muyobozi w'ishule, akumva atavyo yokubahuka.

Nyina wiwe ni ho yaza kurondera umukozi wa THARS, yaciye amugira inama yo kuza kuvyiganira umuyobozi w'ishule. Niko kuza kubimwiganira. Uwo muyobozi yaciye akoresha inama y'abigisha, aratangura arabibutsa umurezi ico arico, ati Kurondera ivyo murondera kubo mureze, ni uguhemuka kw'ibanga ry'abavyeyi. Ahejeje aca avuga ivy'uwo mwigisha n'umunyeshule wiwe; uwo mwigisha arabihakana, basohotse umuyobozi atumva, abandi bigisha yari yabibariye, baciye bamubarira bati Udahinduye, tuzoca tukwagiriza. Mu gice ca kabiri, yaciye atanga utubazo bishuye banditse, uwo mwana aca ariruhutsa, ubu yizigiye kuzomenya.



## Narokowe n'imvura

Mu ntara ya  
Makamba,  
kw'igenekerezo rya  
27 kugeza 29 Ruheshi  
2005, Uwurongoye  
Ikigo THARS mu  
Burundi,  
yarakoresheje  
uruganda abigisha  
amashule mato-mato  
abigisha ingene  
bofasha abana  
bashikiwe  
n'ihahamuka.

Mu bari baje, bamaze  
kwumviriza ibitari  
bike, barahanahanye  
ivyiyumviro ku  
kimazi co kuvuga  
ingorane ingene  
bifasha, canke ingene  
wokwifata mu gihe  
c'ishavu.

Hari umuntu  
yatwiganiye ingene  
kuvuga bifasha. Ati  
"Muri 1993, jewe niga  
mu mwaka  
w'umunani. Mu gihe  
c'intambara, kw  
ishule ryacu,  
abanyeshule  
b'abahutu bari  
babangamiwe cane.  
Ntitwarenga irembo  
kuko twari tuzi ko  
twoca dupfa. Hari  
umugenzi w'umututsi  
twari dusangiye  
umuhari

katolika, aranyibira  
ibanga ati  
Ndagusavye wige  
guhunga, kuko  
bamwe bavuga ko  
bashobora kubica,  
none nawe ndipfuzza  
ko ntobona ikiziga  
cawe. Ndiyumvira,  
uko nogira, numva  
ubwoba  
burandengeye, kandi  
nkabona ko atako



mfise ngira namba.  
Ndasengera Imana mu  
mutima. Ubwo nyene  
nza mbona imvura  
irakuvye, abasoda  
bari bakikuje ishule  
baca baja kwugama.  
Nanje nca mmera  
nk'uwugiye  
kwihagarika,  
barambaza ngo uroye  
he? Nti ngiye  
kwihagarika.  
Ndahagarara gatoya  
nk'uwikinze imvura,  
ariko ndiko ndaraba

ko bose baherera  
kwugama.

Mbonye bose binjiye,  
naciye *ncomoka*  
ndahunga, ndiruka no  
mw'ishamba ngo ba!  
Barampamagara,  
ariko kubera imvura  
yariko iragwa,  
ntawasohotse. Naciye  
nshika ku muhana wo  
hafi, sinavuga, mbona  
ibipfuko binini binini  
vyarimwo  
ibidandazwa vyabo,  
nitera muni,  
ndahora. Imvura ihise  
baciye baza  
kundondera, barabaza  
ko ata gahungu  
babonye kaza, ko  
atawe naramukije,  
barahakanye, baca  
basubira inyuma. Buri  
mu guca, naciye  
ntemesha, ndaruha  
nshika i muhira ataco  
mbaye. Mba  
ndashimye Imana.

Ikibazo nasigaranye,  
navuga nti Pe  
ndahevyeye amashule !  
Dawe yaranguriye  
ikinga, ngo arabe  
ingene nokwigwana  
ko, ariko mbonye  
amashule apfunze,  
nkagira agahinda.  
Nca nishiramwo

kurondera ishule.  
Duhuye n'abo  
twohora twiga hamwe  
nkababwira uko  
mmerewe n'agahinda  
mfise, bakambarira  
bati Uragaruka  
kw'ishure ubu ni  
amahoro! Ni ho mu  
nyuma naca nsubira  
kwiga. Urumva iyo  
ntavuga ingorane  
zanje ngw abantu  
bandemeshe, sinari  
gupfa nsubiye  
kw'ishure.

### Kugira Inama Uwundi

Muri uwo mwanya  
umuntu avugana  
n'umuhinga  
ivyamushikiye. Uwo  
muntu ntategekwa  
kuvuga ivyo yumva  
adashaka kuvuga. Aho ni  
ahantu umuntu  
atangurira kuraba ko  
yotahura ingorane  
ziremereye kandi  
zibabaje yagize. Ivyo  
bifise intumbero yo  
gufasha uwababarijwe  
ubuzima gutahura ingene  
ivyamushikiye  
vyamukomerekeje  
n'ingene ubu asigaye  
ameze. Ni uburyo  
afashwa gutangura  
ubuzima bushaha.  
Ibiyagiwe umufasha nta  
na kimwe gisohoka.

**Nta bara risumba kugoka k'uwungana n'umwuzukuru.**

Ivyaha vyo gufatwa ku nguvu biragwiriye cane. Hari umuryango umugabo yakora kure gatoya, umugore nawe akaba ni umwigisha mu mashule mato mato.

Umugabo ya taha imuhira ku mpera y'indwi (ivyoba bita kuri week-end).

Bafise abana bane: umukuru afise imyaka cumi n'ibiri ni umuhungu, uwa kabiri afise imyaka icenda, ni umukobwa, uwa gatatu ni umuhungu afise imyaka itandatu, uwa kane afise imyaka itatu ni umukobwa.

Hakaba umugabo yakukurutse akora hafi yabo, akaba ava hamwe n'uwo mugore. Yama aza aho hantu kuramutsa uwo muryango. Abana bari baramumenyereye, bamwita "Tonto". Uyo mutama yarafise ingeso y'ubuhumbu, yama aza akabwira uwo mugore ngo basohokane aje kumusorera kandi azi ko umugabo wiwe atariho ari. Uwo mugore araruha aramwikura

kugira ntazosubire kubimubarira, ati Ntuzosubire kunsaba ngo dusohokane, kuko



Abofasha abana bashikiwe n'izo ngorane bakwiye kwigishwa

jewe sinsohokana n'umugabo atari rwanje.

Uwo mugabo abifata ibisanzwe ntivyamubujije kuhatemberera; akaza arimenyereza abana, abagurira ibombo, ibitumbura, ifanta n'utundi tuntu.

Hari igihe uwo mugore abakozi bari bagiye, akama ateka ku mugoroba, igihe ca sa sita agashusha ivyo yaraye atetse. Biraba uko nk'iyinga. Uwo mugabo aramenya ivyo vyose. Abahungu (imfura n'uwugira gatatu) biga imbere ya sa sita, uwo mukobwa (uwo amaze imyaka icenda) agasigarana na murumuna we ataragera gutangura (uwo amaze imyaka itatu), akamwoza mu kurindira nyina ngw'

abagaburire agende kw'ishule inyuma ya sa sita.

Muri iryo yinganya nyene, wa mugabo w'umukukunuke, afise abana biga mu mashule ya Kaminuza, araza, kandi azi ko nyina w'abana ari ku kazi, aza

azanye ibitumbura, aho hari nk'isaha zine zo mu gitondo. Ashitse abwira abana ngo Ntimubirya ubu nyene ngo hinge ico ndabereka, aca aterura umwe mutoya amushira



Bamwe mu bigishijwe gufasha abana

mu cumba kimwe, ati Ukarira nca ndagukubita, aterura umwe amaze imyaka icenda, amushira mu kindi cumba, ati Ivyo nkugirira ukarira cane ngo abantu bavyumve, canke ukabibarira papa

canke nyoko, nca ndakurasa upfe. Aca atangura kumwonona, gushitsa aho amukomeretsa. Ahengera ahejeje, aca abagarukana muri salon (mu bwicaro) aca aragenda.

Nyina wabo bapfuye kumubona baca bararira, aca abatwara mu cumba, kubabaza, umwe mukuru ati Reka kumbaza mama, kuko "Tonto" yavuze ngo ninabivuga aca andasa mpfe, umutoya nawe avuga ivyo azi ko yabateruye umwe mu cumba kimwe uwundi mu kindi. Nya mugore aca abaza uwo mukuru ati Mbarira sindabivuga mwana wanje mbarira uko vyagenze. Nya

mwana na we at'Erega no mu kwicara ndababara. Nyina yaciye amutwara kwa muganga ubwo nyene baramuvura. Agiye kwitwara, baramugora, aca aja

kwitura THARS, umukozi wa THARS yaciye arondera Umushikirizamanza mukuru, aca aremera kubakira, bamubwiye ivyari vyo yaciye arungika abamufata, ubu arapfunzwe.

**Muragabe, abashurashuza ku nguvu ntibatora !**

Intara zibangamiwe. Hinge namwe mwirabire akamenyo twishimikije ibitigiri:

| N° | Intara    | Imyaka (Hagati y'imyaka) | Ibitigiri |
|----|-----------|--------------------------|-----------|
| 1  | Ngozi     | 3 na 50                  | 49        |
| 2  | Muramvya  | 10 na 54                 | 28        |
| 3  | Makamba   | 1 na 55                  | 27        |
| 4  | Ruyigi    | 9 na 57                  | 27        |
| 5  | Gitega    | 4 na 45                  | 26        |
| 6  | Bujumbura | 16 na 66                 | 11        |


Dukurikije imyaka, turabona neza imice y'abantu bakorerwa ivyo:

| N° | Intara    | Imyaka (Hagati y'imyaka) | Ibitigiri |
|----|-----------|--------------------------|-----------|
| 1  | Ngozi     | 3 na 17                  | 25        |
|    |           | 18 na 47                 | 23        |
|    |           | 50                       | 1         |
| 2  | Muramvya  | 10 na 17                 | 4         |
|    |           | 18 na 43                 | 23        |
|    |           | 54                       | 1         |
| 3  | Makamba   | 1 na 17                  | 12        |
|    |           | 18 na 43                 | 14        |
|    |           | 55                       | 1         |
| 4  | Ruyigi    | 9 na 18                  | 6         |
|    |           | 18 na 48                 | 20        |
|    |           | 57                       | 1         |
| 5  | Gitega    | 4 na 18                  | 11        |
|    |           | 18 na 45                 | 15        |
| 6  | Bujumbura | 16 na 45                 | 1         |
|    |           | 18 na 44                 | 6         |
|    |           | 52 na 66                 | 4         |

Dukurikije ivyo bitigiri biraboneka neza ko mu ntara za Ngozi na Makamba, ukwo gushurashuza kugwiriye cane ku bana bari muni y'imyaka 18. None twovuga ko ari ingwara y'akaranda yateye? N'agatera ntimba ku bavyeyi bavyaye kwumva ko ibibondo bitarashikana n'imyaka ibiri birwa mu minwe y'abantu b'ibirara nk'ivyo.

Mu ntara ya Bujumbura na Muramvya na ho, twasanze abashurashuzwa ahanini ari abantu bari hagati y'imyaka 18 na 45. Mbega ko kare umuntu akuze yubakwa nk'umuvyeyi wa bose, agateka kiwe kakubakwa na bose, twibaze ko abantu ataco bacibanga?

Ntitwovuga ko izindi ntara ata ngorane kuko nta mwonga ubura isato iba idahizwe, kumbure nuko tutashitseyo ngo tubitohoze canke ngo turonke ibitigiri vy'abaje kwitura ibigo nk'ivyo.



| Urugero             | Ibitigiri  | Ibice kw'ijana |
|---------------------|------------|----------------|
| Abakiri bato (1-18) | 67         | 40             |
| Abakuze (18-47)     | 93         | 55             |
| Abahumure (50-66)   | 8          | 5              |
| <b>Bose hamwe</b>   | <b>168</b> | <b>100</b>     |

Ivyo bitigiri ni vyo abaje kwitura ibigo vya THARS, kuko hariho abasinzikarizwa ubuzima ariko ntibamenyekane canke bakajya kwitura ayandi mashirahamwe dukorana canke akora ukwayo. Umuntu rero arashobora kwibaza igituma ubwo bubisha, aho guhera buguma bwiyongera mu gihugu. Ubutungane ni bugerageze kuraba agahaze kugira ivyaha ben'ivyo bituzwe. Abantu bose bari bakwiye kuvira hasi rimwe bakarwanya iryo bara ahandi ho amazi agiye kurenga inkombe.